ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№89 (21.247) ● 2008 гъэм накъыгъэм (майм) и 13, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● ТекIуэныгъэм и махуэм

Дунейри къыдощIэращIэ

НАКЪЫГЪЭМ и 9-р, «Къэувы Iэ, зэман!» - зыхужаIэм хуэдэу, махуэ тельыджэт: бзыгъэт, гъубщэт, хуабэт, дыгъэпсри гуапэт. Зи цIэрэщIэгъуэ гъатхэм екIупсу, нафIэгуфIэу, щыгъыныфIхэмкIэ хуэпауэ цIыхухэр щызэхуэсырт ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм и жьантIапIэм, «Щы-хым и МафIэ мыункIыфIыж» фэеплъым и деж. НэхъыжьыфIхэмящыщзыкъомыябгъэхэмщыпыдырт Хэкум и дамыгъэ льапIэхэр - орденхэмрэ медалхэмрэ. Ауэ илъэс кIуахэм елытатуэ зауэм хэтахэм я бжыгъэр «цIырхъ» зэрыхъуари хуэбзыщIырт экъым «нэпсыр зи нэхэм къыщIэж махуэшхуэм».

Гуп-гупурэ зэхохьэ къэрал лэжьакIуэхэр, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм я лЫкIуэхэр, ныбжьыщIэхэр, журналистхэр. Абыхэм кьахохьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэр, Президент **Къанокъуэ Арсен,** Правительствэм и УнафэщI **Ярин Андрей,** Парламентым и Iэтащхьэ **Бечелов Ильяс,** нэгъэущIхэри. Абыхэми зэхуэсышхуэм кърихьэлIа куэдми я кIэстумыбгъэхэм щолъагъу бЫлъэрэ гъуэжьпIыжьыжьфэу зэхэт щэкI бгъуэзщIыкIэр, «Георгиевскэ лентI» жыхуаIэр.

Махуэшхуэ пэкIур къызэIуех Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Сорокин Виктор,** Урысей Федерацэм и гимныр мэIу.

ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэмкIэ къыдэхуэсахэм йохъуэхъу, зауэ бзаджэр зэрекIуэкIам, абы ди хэкуэгъуэхэм ящыщ куэдым лЫгъэшхуэ къызэрыщагъэлъэгъуам, фашист зэрыпхъуакIуэхэр зэхэкъуэным ди къэралыгъуэшхуэм уасэ ин дыдэ зэрыщIитам, лЫхъужь мин Iэджэм я цIэхэр дыщэ хьэрфхэмкIэ тхыдэм зэрыхатхам, ди нэхъыжьыфIхэм, Хэкум и бын пэжхэм я дерсхэр щIалэгъуалэм я джкIэ гъуазэфIу зэрыщытыпхъэм топсэльыхь республикэм и военкомым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Гаджибалаев Гаджибала,** Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ-кIэ IэщIэуэзда къарухэм, хабзэхьэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советым и унафэщI **Абдулаев Мустафа,** зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран **Щомахуэ Льостэн,** къэрал гъунапкъэхэр зыхъуэжу Налшык къегъэбыдылIа гупым и лЫкIуэ **Козлобаев Дмитрий**, нэгъэущIхэри.

ХьэтIохъущокъуэм и хадэм щылажьэ духовой оркестр хьарзынэм игъэIу макъамэ дахэм щIэту, фэеплъым удэ гъэгъахэр бгъэдалъхьэ республикэм и унафэщIхэм, парт, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, ныбжьыщIхэхэм, сабийхэм ящыщ куэдым.

ГуфIэгъуэ пэкIур и кIэм нос. Къэралым и гимныр щIэрыщIэу мэIу. Уэгум хьэрэкIытIэхэр ирауIытIыпщхьэ.

* * *

ЗЭГУРЫУЭНЫГЪЭМ и утым щекIуэкIащ Хэку зауэшхуэм хэтахэр зыщагъэлъэпIа концерт. Къызэхуэсахэм я пащхьэм зыкъыщагъэлъэгъуащ республикэм и къэралыгъуэ щIэныгъэхэр, журналистхэр. Абыхэм кьахохьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэр, Президент **Къанокъуэ Арсен,** Правительствэм и УнафэщI **Ярин Андрей,** Парламентым и Iэтащхьэ **Бечелов Ильяс,** нэгъэущIхэри. Абыхэми зэхуэсышхуэм кърихьэлIа куэдми я кIэстумыбгъэхэм щолъагъу бЫлъэрэ гъуэжьпIыжьыжьфэу зэхэт щэкI бгъуэзщIыкIэр, «Георгиевскэ лентI» жыхуаIэр.

Махуэшхуэ пэкIур къызэIуех Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Сорокин Виктор,** Урысей Федерацэм и гимныр мэIу.

ТекIуэныгъэ Иным и щIалэгъуалэм я джкIэ гъуазэфIу зэрыщытыпхъэм топсэльыхь республикэм и военкомым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Гаджибалаев Гаджибала,** Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ-кIэ IэщIэуэзда къарухэм, хабзэхьэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советым и унафэщI **Абдулаев Мустафа,** зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран **Щомахуэ Льостэн,** къэрал



● Дыгъуасэ

МурадыфIхэм къешэ

Накъыгъэм и 12-м "Интурист" хьэщIэщым щекIуэкIащ МикрофинансымкIэ урысейпсо Iуэхущ-IапIэм и унафэщI Мамуэ Михаил, абы и кьуэдзэ Сидневъ Андрей, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатымкIэ и министр **Мусуков Алийрэ** абы и кьуэдзэ **КIэрэф Муратрэ** .

Мусуковым хьэщIэхэмрэ зэIущIэм къекIуэлIахэмрэ кьригъэжьблагъэри, Мамуэ Михаил псалъэ иритащ.

- КъБР-р efIакIуэ щIыналъэхэм ящыщ. Псом япэ абы щыхьэт тохъуэ и экономикэм зэрызиужь зэпытыр, - и гуапэу кьыхигъэщIхьэхуIащ Мамуэ кьыщIэсэльъам. - Экономикэ зыужьыныгъэм теухуауэ дэ мурад куэд дыдэ диIэщ (ахэр 2008 гъэм кьриубыдэу нахуапIэ тщIыну зэрэIэкI щыIэщ) мэхъу абыхэм КъБР-м зэрыщыызаузэщIынур. Экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэманым кьигъэув упщIэхэмрэ абы пыщIа гугъуехьхэмрэ даэрыпэлъэщын лэжьакIуэ гуащIафIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыкъэдщ, ди Iуэхурн купщIафIэ хъуну кьызолъытэ. Аращ мы республикэм и къудамэ кьыщызэдгъэпэщыну мурад щIэтщIар. Мыбы дэ мыхьэнэшхуэ идот икIи кьетхьэжьа Iуэхур кьызэрырадаIыгъым щхьэкIэ КъБР-м и Президентымрэ абы и дэIэпыкъуэгъэхэмрэ фIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейт.

АдэкIэ Мамутэмрэ абы и кьуэдзэмрэ убгъуауэ тепсэльыхьащ МикрофинансымкIэ урысейпсо Iуэхущ-IапIэм КъБР-м кьыщызэригъэпэщыну къудамэм и Iуэхущ-IафэI, къалэн нэхъыщхьэ щытыныхэм, абы щыIэжьэну щыхухэм я щIэныгъэм щыхагъахьхуэ екIуэлIапIэ-хэм зэрадэIэпыкъунури наIуэ ищащ, микрофинансымкIэ Налшык и Iуэхущ-IапIэхэм я лЫкIуэ къекIуэлIахэмрэ журналистхэмрэ я упщIэхэм жэуап иритащ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.



ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

Урысей Федерацэм иIэщ Путин Владимир зи пашэ Правительствэщ Iэ. Гъэзэщ-IапIэ властым и зэхэтыкIэнур убзыхунымрэ кадрхэр гъэувынымрэ теухуа Указым Президент Медведевым Iэ щIидзащ. Кабинетым и дыгъуасэрей зэIущIэм премьерым щигъэнэIуащ и унафэм щIэтхэм я кьалэнхэмрэ министерствэхэр, ведомствэхэр зыхуэдэнымрэ.

СпортымкIэ, туризмэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ министерствэщIэ къызэрагъэпэщащ, промышленностымрэ энергетикэмкIэ министерствэр тIууэ зэгуагъэкIащ, связьымрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэмкlэ министерствэм зэреджэр яхъуэжащ, щIыуэпсэхэмкIэ министерствэм кьалэнныщIэхэр щащIащ. Урысейм и МИД-м и унафэм щIэту СНГ-м и Iуэхухэмкlэ агентствэ къызэрагъэпэщащ, Федеральнэ агентствэ щхьэхуэхэр министерствэхэм ираты-жащ.

Кабинетым хэтыныхэр ягъэбелджылащ. Дяпэкlэ япэ вице-премьерхэр 2, вице-премьерхэр 5 хъуэу щытынущ. Ахэр Зубков Виктор, Шуваловъ Игорь, Ивановъ Сергей, Сечин Игорь, Собянин Сергей, Жуковъ Александр, Кудрин Алексей сымэщ.

Нарышкин Сергей щобэ щыщIэдзащэ Кремлым и Администрацэм и унафэщIщ.

Я къулыкъуэм кьытенащ министрхэу Лавров Сергей, Сердюковъ Анатолий, Нургалиев Рашид, Шойгу Сергей, Козак Дмитрий. Юстицэмкlэ министру Коновалов Александр ягъэуващ.

Балли 8-м ноблагъэ

Къарушхуэ иIэу Китайм щIыр зэрыщыхьеям хэкIуэдам, фэбжь хэзыхам я бжыгъэ къатыр зэтехуэрэкъым.

ЩIыр щыхьэнр къэралым и ипщэ-къуэпIэ лъэныкъуэрщ. Сейсмологхэм зэрыжаIэмкIэ, абы и къарур балли 8-м ноблагъэ. Шынэ къэзыщта цIыхухэм епIэщIэкIыу я псэупIэхэр къагъанэ, абыхэм я нэхъыбэр узрамхэм дэтщ. ЩIыр зэрыхьеяр къэралым и щIыпIэ куэдым щызыхащIащ.

ЩIыми и физикэмкIэ институтым и унафэщIым и кьуэдзэ Рогожкин Евгений къызэрыхигъэщащкIэ, ар Урысейм кьылъэIэсыныкъым.

Вознесенский Андрей и махуэ

Къэралым и лIыщхьэм и пресс-Iуэхущ-IапIэм къыззэритамкIэ, Медведев Дмитрий усакIуэ Вознесенский Андрей ехъуэхъуащ илъэс 75-рэ зэрырикъумкIэ.

Махуэ зыбжанэ и пэкIэ абы хуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и II нагыщэр. Совет усыгъэм лъэгъуэщIэ щыпхызыша усакIуэр иужьрей илъэсхэм США-м щопсэу, ауэ къыщалъхуа махуэр Урысейм щигъэлъэпIэнущ.

Абы теухуа гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэр накъыгъэм и 14-м щызэхашэнущ Фоменкэ Петр и цIэр зэрихьэу Мэскуу дэт театрым и унэщIэм.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆**Тенджыз ФIыщIэ флотыр щагъэлъапIэ махуэщ**, Илъэс 225-рэ и пэкIэ (1783) тенджыз ФIыщIэм Урысейм и флот къыщыззрагъэпэщауэ щытащ. Вице-адмирал Клокачев Федот и унафэм щIэт Iуэхэ флотилием и кхъухэр а махуэм Ахтиар кхъухь тедзапIэм дихьащ.

◆Накъыгъэм и 13-м къыщыщIадзауэ мэкъауауэгъуэм и 27 пщIондэ Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ Iэщэр гъэмэщIэным щытепсэльыхь конференцым и сессием и етIуанэ Iыхьэр.

◆Накъыгъэм и 13 - 16-кэм Санкт-Петербург щызэхэтынущ «Энергетикэмрэ электротехникэмрэ» зыфIаща дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ зэхар.

◆Илъэс 20 и пэкIэ дунейм ехьажащ Совет Союзым и флотым и адмирал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь (1965, 1982), СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща (1980) Горшков Сергей (1910 - 1988).

◆ИлъэС 95-рэ ирокъу тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гъубж Мухьадин къызэралъхурэ. 1997 гъэм дунейм ехьажащ.

◆**Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 43-м, къухьэжянущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 25-м.**

◆**Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 42-рэ**.

ПIалъэхэр зыгъэхьэзырыр ХЬЭЖЬКЪАРЭ Аликъ.

Куэшхьэблэ газым поплъэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Президент ТхьэкIуэнымэ Аслъанджерий иджыблагъэ яIуащащ щIыпIэгъэ, газ къыщIэзыщIа «АКХ ОйГаз Рес» инджылыз компанием и унафэщIхэм.***

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, 2007 гъэм Адыгейм къыщIатауэ щыгащ Кушхьэблэ районым газ къыщыпльыхьуэным, къыщыщIэшыным теуха программэ икIи а лэжьыгъэ иригъэкIуэжыну инджылыз фирмэм гурыIуащ. Абы ипкъ иткIэ, республикэ бюджетым сом мелуан 25,8-рэ къыхохьащ.

«Къьалэм нэхъыщхьэхэм хохьэ дызыхуэкIуэ ильэситI-щым Адыгейм и жылагъуэхэр, кьанэ щымыIэу, газкIэ къызэдгъэпэщынщ. Инджылыз компанием къыхилъхьа инвестицэм гугъэ дегъэщI ди мурадхэр къыдохъуIэну», - жиIащ ТхьэкIущынэ Аслъанджерий.

Компанием и унафэщI Девис Пол къызэрыхигъэщамкIэ, проектыр и кIэм нэсу гъэзэщIа хьун щхьэкIэ, 2008 - 2010 гъэхэм кьриубыдэу доллар мелуани 150-рэ абы халъхьэнущ.

«Кушхьэблэ районым газу къыщыщIэтщIыпхьунм и куэдагъэр къэтхутэу щытмэ, инвестицэ нэхъыбэ щIынальэм къетшэлIэну къыщIэкIынущ. Адыгейм и Правительствэри абыкIэ къыздоIопыкъу.

2008 гъэм и кIэхэм районым газ къыщыщIэщын щIэддзэнущ. Дыззрыт маэзм къриубыдэу щIыр зэраубру Iэмэпсымэхэр кьетшэлIэнущ. Абы нэмыщIкIэ, щIыналъэм ди Iуэхущ-IапIэ къыщызэIутхынущ, щIыхи 100-м щигъу лэжьыгъэ Iэнатlэкlи къытхуэзгъэпэщынущ», - жиIащ Девис Пол.

ЖыпIэр зыщ, ауэ...

АБХЪАЗ. *Курыкъм и къэрал министр Яковлевичи Темыр иджыблагъэ журналистхэм яжриIащ курыкъыхэм Iэшхэ Iэщ-Iуэзэда я къарурэм сыхьэтищым къриубыдэу Абхъазыр къэзрыхуэщIынэр.*

«АУЭ Абхъаз щIыналъэр дэ къарурКIэ къэтщтэнукъым, икIи курыкъы-абхъаз зэпIэщIэуэзэнгъэр зэпсэльэныгъэкIэ мамыру зэрызэфIэтхынымэ яужь дитынущ», - къыхигъэщащ Курыкъм и къэрал министрым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Iуащхьэмахуэ пашэ хъуну блым къахэнэн хуейщ!

«Урысейм и тельыджэу 7» зэпеуэм и кIэм дипльэным кьэнэжар зы мазэ нэхъри нэхъ мащIэщ икIи ар къэблэгъэзэу бжыгъэм и Iуэхур нэхъ ткIий мэхъу.

ТхьэмахуэкIэ зэхуаку блэкIам кърикIуахэм тепщIыхьмэ, Iуащхьэмахуэ пашэ хъуа блым яхэтыжкъым. ЖыIэгъуейр ди тельыджэм щхьэкIэ цIыху дапщэм Iэ яIэтами, сыту жыпIэмэ ар щэхуу йокIуэкIри.

ДыкIыыэрыкIэрыхуам нэхъри къыхэщIыпIэн хуейщ ди тельыджэр текIуэну хуей икIи зэпеуэр зэрекIуэкIым кIэльапIэ дэтхэнэри. Дэ хьарзынэу Iэ тIэтат етIуанэ къекIуэкIыгъуэм. Фигу къэвгъэкIыжыт тхьэмахуэ зэхуаку зыбжанэкIэ уэлIэбзкIыжмэ, дэ дяку дэлъа зэхуэтыныгъэр. Апхуэдэуи дыкъэнэжакъэ? Дыкъэнэжамэ, Iуащхьэмахуэ къаруущIэкIэ, гурыщIэ куукIэщIэгъэкъуэн дыхуэхьунщ, пашэхэм яхэувэжьын щхьэкIэ.

Япэхэми хуэдэу, **Iэ щыфIэт хъунущ http://www.ruschudo.ru/ зэпеуэ сайтым е SMS хьыбарыр 4565 номерымкIэ евгъэхь.** Пум щыгъуэми тельыджи 7-р занщIэу къахэхьи хуейщ 14-м. Апхуэдэ щыкIэкIэ SMS - хьыбар тхыгъэм запятойкIэ къыщызыкIэлъыхьын хуейщ тельыджэ номериблхэр. Нэхъыбэкlэ е нэхъ мащIэкIэ яIэта Iэ бжыгъэр къальытэнукъым.

SMS - Iэ Iэтым папщIэ номерхэр ящIыгъуу тельыджэ 14-р:

Гейзерхэм я аузым - SMS 1
Байкал - SMS 9
Новосибирск дэт зоопарк - SMS 10
"Пкъохэр" заповедник - SMS 12
Тобольск Кремль - SMS 13
Кунгур бгъуэнщIагъ - SMS 22
Нижегородск Кремль - SMS 24
Петергоф - SMS 29
Кирилло-Белозерскэ къулъшырыф -SMS 33
Мань - Пупу-Нер щыпIэм жьапщэм къыщигъэхуа пкъохэр - SMS 34
Блаженный Василий и Собор - SMS 38
"Вовнушки" быдапIэ - SMS 43
Мамаев Iуащхьэмрэ Хэку -Анэм и фэеплъу абы тетымрэ - SMS 45
Iуащхьэмахуэ - SMS 47
Iуащхьэмахуэ пашэхэм кьахэнэн хуейщ!

ХЬЭПЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ-IапIэм и лэжьакIуэ.

●«Адыгэ псалъэр» къыхызох

Гулъытэ лей зыхуэфащэ

Дэтхэнэ зы щIыхуми лежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэн хуейщ, и гъащIэм увыпIэ нэхьыщхьэ щиубыдыпхьэн и анэдэлъхубзэм. Абы къегъэув и адыгэбзэкIэ къыдокI газет закъуэм, «Адыгэ псалъэм», гулъытэ лей хуэщIыпхьэу.

СИ ГУАПЭЩ гъащIэм, цIыхуэм яку дэлъын хуей зэхущытыкIэ дахэм, цIыху щхьэхуэхэм ятеуэху тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ газетыр зэрыкъуейр. Удахьэх ди адыгэ тхахIуэхэм я Iэдакъэщ-щIэкIхэм щыщу къытредгэхэм. ФIыщ диным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм, спорт хьыбархэм гулъытэ зэрыхуащIри. Газетым традзэ я благъэ, Iыхьлъхэм яхуэгъэза зыхъуэхуэри, ари гуапэщ. Сыт щыIэ зи гуфIэгъуэм дэпIыгъын, ар бгъэгушхуэн нэхъри нэхьыфI!

Зи купщIэкIи зи тепльэкIи efIакIуэ зэпыт газетым и ныкъуэсанигъэ машIэхэри къыхуэдгъэгъуэ и ехьулIэныгъэ псомиI дыщыгъуэ фIыкIыу махуэ къэс дыпопльэри, дяпэ илъэс миникIэ ди гъуаэзу щытыну Тхьэм жиIэ. «Адыгэ псалъэр» фIыуэ зэрыслъагъуэм къыхэкIыу сфIэфщ, дяпэкIи ехьулIэныгъэхэр и куэдмэ. Сыти жиIи, уи бзэкIэ къыдокI газетыр уи гум къызэрыдыхьэм хуэдэу зы газети пхуэхьунукъым.

БЕТРОЖЬ ФатIимэ.
Хьэгуей къуажэ.

Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуейм э

Ди щIэдэжькIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2008 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэлепIэкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Гу зытъытапхъэ

Концерт гъэлъагъуэр еублэ

Республикэм и цIыхухэу, и къэралыгъэр яIэ пщIэ зыхуащIхэ!

ЩIэуэ зэрагъэпэщыжа Театр щхьэнтIэм концерт щыщагъэльагъуэ пIалъэр накъыгъэм и 15-м къызэIуех УФ-м щIыхь зиIэ, КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм я щыхуэзэ артист Тут Заур «Сэ уэ фIыуэ зэхэлъагъу, гъащIэI» программэмкIэ. Абы щыIунущ цIыхухэм фIыуэ яIэзгъуэ зэку, нэгъэущI къэралэстрадэ уэрэдхэр.

Концертым хэтынущ кьафэмкIэ -Кабардинка- къэрал академическэ ансамблыр, «Балкария» Iуэрыпуатэ-этнографие ансамблыр, адыгэ кьафэмкIэ «Хатти» ансамблыр, кьафэмкIэ «Каллистоте атрыр.

Концертым щIидзэнущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 30-м. Ар екIуэкIынущ дунейм и щытыкIэм емыльытауэ.

КъБР-м и Президентыр Медведев Дмитрий йохъуэхъу

«12+1» хьыбарегъащIэ-аналитикэ журналым и лъэныкIэ, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен ехъуэхъуащ Урысейм и Президент Медведев Дмитрий Анатолий и къуэм.

А журналым и япэ номерым, накъыгъэ мазэм икуэм къыдэкIынум, Илъэс федеральнэ щIыналъэм и адрей унафэщIхэм хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщIыр республикэм и цIыху псомиI къыдокIи Медведев Дмитрий Анатолий и къуэм щехъуэхъуащ Урысей Федерацэм и президент къулыкъум зэрыхахамкIэ икIи щыжиIащ Урысейр дунейм щыпашэ къэралхэм ящыщ щIын и лъэныкъуэкIэ яубзыхуахэр гъэззэщIэным ехъулIэныгъэхэр щIэну зэригугъэр.

Къэбгъэльагъуэмэ, хьуэхъум мыпхуэдэу щыжеIэ: «Сэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм хуэдэу, арэзы сыкъыщIащ нэгъуэщI гуэр мыхьуу Уэ Урысей Федерацэм и президент къулыкъур къызэрыпхуагъэфэщам. Ди республикэм и хэхакIуэхэм я нэхъыбапIэм Iэ яIэтащ уи кандидатурэм папщIэ. Хэхыныгъэхэм кърикIуахэм къагъэльэгъуащ Урысейм и унафэщIхэр зыпет гъуэгум Урысей Федерацэм и цIыхухэм дзыхьышхуэ зэрыхуащIыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэри абы и телъхьащ. Иужьрей илъэсхэм республикэм дежкIэ нэщэнэ хъуащ экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэкIыныр, лъэпкъ проектхэр ехьулIэныгъэкIэ гъэззэщIэныр, щIыналъэм инвестицэхэр кьыхатъкъэн хуэдэу мылъку зыбгъэдэлъхэр кьыдэхьэхыныр, дотацэу тхухахыр гъэмэщIэныр. Аращи, Уэ шэч кьызытрамыхьэж пашэу укъыззралъытар, КъБР-м и цIыхухэр хэхыныгъэхэм жыджэру зэрекIуэлIар лъабжьэнщэкъым. АтIэми, Уэрэз Путин Владимиррэ фяку дэлъ зэпыщIэныгъэр цIыхухэм я джкIэ щытщ власткIэр иджыри къэс зытета гъэзугум адэкIи кьызэрыпищэнум и щIыхьэту. Абы къикIраци, илъэс зыбжанэ и пэкIэ зыщIадза реформэхэр дяпэкIи екIуэкIынущ, мыдрейуэ къэралым власть Iущ, пэжагъэрэ цIыхугъэрэ зыхэлъ иIэнущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщытыр Урысейм и Илъэс щIыналъэм щыпсэухэм я джкIэ мыхьэнэ хэха иIэщ блэкIамрэ къэкIуэнымрэ зэпыщIауэ зэрыщытынум. Иужьрей илъэсхэм ди къэралым и Илъэс лъэныкъуэм зэпIэзэрытыныгъэ щымыIэу къекIуэкIащ. ИкIи мис иджы, Илъэс федеральнэ щIыналъэр ди Хэкум и щIыпIэ нэхъ удэзыхьхэм ящыщу къальытэу зэрыщыщытам хуэтхьэкIуэжыныжкIэ хъуэпсапIэр нахуапIэ хъууэ щыщIидза зэманым, абыхэм шэч кьытрахьэжьркъым кьыхахар зэрытэмэмым.

Урысейм и Президенту ущытыныр лэжьыгъэ тыншкъым икIи жуэапльныгъэ зыпылъщ. Ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр сыт щыгъуи хьэзырщ сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэри унафэхэри кьыдэIыгъыну, сыту жыпIэмэ абыхэм быдэу я фIэщ мэхъу а псори ди Хэкум фIыгъуэ иIэным зэрыхуэунэтIар.

Мы тхыгъэр къэзгъэсэбэну, Уэ уукьызогъэблагъэ ди гъуэззэджэм. Си фIэщ мэхъу зэ IуплъэгъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хьащIыкъ узэрыкуэнар: Iуащхьэмахуэ и уэсылтэ щыгур бгъэхэм лыжжкIэ кьеж ъхэхэм я джкIэ жэнэтщ, уущызэкIащIэплъ гъэлхэмрэ зэпыкъутэ, хущхьуагъэ зиIэ нарзаныпс кьыщIэкIэм уатхьэкъу, нэхъыщхьэращи - Налшык къаблэу зэлъыIуха, щхъуантIагъэм щIигъанэ къалэщ. Ди дежкIэ Iуащхьэмахуэ гуапэщ кавказ хьащIагъэм и щапхъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щодгъэльагъуэр».

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ-IапIэ.

Адыгэ псалъэ

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Гъэмахуэкlэм - лэжьыгъэфlхэр

ГЪЭМАХУЭКlЭМ нэсыху КъБР-м къыщызэlуахьынуц члисэ, диагностикэ центр, школ...

Ямэ мазищым ялэжьам теухуауэ КъБР-м и Президентым и пащхьэ къыщыдгъэзащ республикэм и министерствэ, Правительствэм и зэIущIэ блэкIам щыгъуэ Къанокъуэ Арсен зэрыщыжиIауэ щытам тету, ар иужь ихьащ министрхэм я кабинетым и лэжьыгъэмкIэ нэхъ ткIийуэ япкърыупщIыхьыным: «ЩIыпIэ адаминистрацэхэм я Iэтащхьэсэм сэ тыхьмахуэ зэхуакуэ къэсыхуаIам хуэдизу зэIущIэ ядыжьгъэкIуэкI икIи ар лъэужьыншэу къанэрхьым. Фэри дяпэкIэ нэхъ щIэх-щIэхыпрэ сыфIущIэнущ, Iэзухэхэм я щытыкIэмрэ гугъуехьхэмрэ сыт щыгъуи щыгъуазэу сыщытын папщIэ,- жиIащ абы зэIущIэр къыщыдэIуихым.

КъБР-м ухуэнысэмкIэ и министр Афэщащагъуэ Михаил зэрыжиIамкIэ, ар зи унафэщI Iэхэущ IапIэм къалэн зыщищIыжам щIригъэгъащ сом мелуан 600 и уасэ лэжьыгъэ. 2008 гъэм и ятIэ мазищым лажьэу ягуIыпащ ухуэныгъэ объектхэу 7, абы щыщу Александровскэ станицэм дащIыхьа сымаджэщыр, псэупIэ-коммунальнэ мыхьэнэ зиIэ объектхэу 6. ЖКХ-м пыщIа Iэзухуэгъэхэм унафэхэр трагъыхьащ ахэр зэгъэщIылIа министерствэм и ГъэсэУ. Иджы жыпIэ хъунущ Налшык къалэм ику, ипщэ хьэблэхэр щIымахуэзм зэпымыууэ хуабжкIэ кьыдзэгъапца хуэну. Альтуд къуажэм щызэфIагъэкIащ школ зиIэ ухуэныр. Канжэ Куба къуажэхэм щыщIадзащ мы гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм хьэзыр хъуну куажэ кубхэм я щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным. Налшык Пирогов и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет щIелэз-диагностикэ центрыр нагъэсащ, кьэнар Iэмэпсымэ щIэтэуэвгырщ. Си гуГъэр ар ящIэ мазэм къыгъэзIухэныну. Апхуэдэуи и кIэм ныдогъэс Налшык къалэм дащIыхь, уэ зэрыщIалэхэм щIелэз сымаджэщым щекIуэкI ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр».

Президентыр щIэупщIащ яухуэ члисэщIэм, Театрэм я унэшхуэм и Iухуэр зытетым, Министерствэм щIащ члисэм и унэ нэхъыщIхьэр щIын зэраухар, кьэнэжар тхьэгъушыр зыфIэлъынымрэ къуздзапIэ унэхэмрэ. УхуакIуэхэм ар зэфIагъэкIынущ мы гъэм и бжьыхьэм пщIондэ. Театрэм я Унэшхуэми ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэхэр щызэфIэкIащ, блынхэр яин щIадзащ. Адэкlэ иужь ихьэн хуейщ Iэмэпсымэхэр гъэувыным. Къанокъуэ Арсен щэнхабзэмкIэ министр Тут Заур чэнджэщ иритащ а Iуэхум кIэльпIэныну, щылэжьэныр зыщагъэпсэхуныр артистхэм дежкIэ тыншыпIэу щытын хуэдэу рогии зэфIагъэкIыну: «Сэ кьысщыхуащ а унэ абрагъуэм и пашхэр Iэзэвльэзэву. Сыщыгуэу къыщIэкIынкIи хъунщ... Пэш кIуэцIхэм я зехьэкIэми фIыуэ егупсысын хуейщ». Къанокъуэ Арсен апхуэдэуи ягу къингъэкIыжащ «Победа», «Аврора» кинотеатрыжьхэр, курорт псыгуэнкIи (бассейнкIи) щIэрыщIэу зэрагъэпэщыжьын хуейуэ къаззэрыпэщытыр.

«Iуащхьэмахуэ дэкI кIапсэ гъэзгуи и ятIуанэ чэзур 2009 гъэм и мазаем кьытхуэзыIыну?» - щIэупщIащ ар. Министрым жиIащ ар яхуэзфIэкIыну. «Ухуэныгъэр пIалъэмрэ фIагъэкIыжу я кьызэрагъэпэщ ТкIийуэ фыкIэлъыпIэ». Ар-дауи, мы гъэм планым хэдгъэхьахэм я пIыкIэщ, ауэ ахэр мыхьэнэ нэхъ зиIэхэщ, псоми ялъагъуэхщ»,- псалъэхэмкIэ ихуащ Президентым ухуэныгъэм теухуауэ зэкIэ гу залъригъэтэнур.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху

Мэлыжьыхьым и 24 КъБР-м и Правительствэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъум и ЩIыналъэ органу КъБР-м щыIэм и унафэщI Погребняк Людмилэ зэрыщыжиIамкIэ, 2010 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Урысейм цIыхухэр къыщыхатхыкIынущ.

КЪЭРАЛ статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъум и пащ къыдалъхьащ цIыхухэр зыхэтхыкIыным зыхуэгъэхьэзырыныр ар егъэкIуэкIыныжкIэ, цIыхухэр къыззэрыхатхыкIам кърикIуахэр зэхэлъхьэжыныжкIэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ мы Iуэхур методологие и лъэныкъуэкIэ кIуэцIапIэмкIэ гъэзэжынымкIэ зэтригъэуэжну. Иджыпсту щыщIэдзауэ зыхуэфащэ Iэщ IагъэлIэхэм я Iуэхум зыхуагъэхьэзыр.

КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ къащтащ 2010 гъэм цIыхухэр къыхэтхыкIыным зыхуэгъэхьэзырыныр ар егъэкIуэкIыныжкIэ КъБР-м и комиссиэм теухуа Положениэр, а комиссиэм хэтхэр. Комиссэм и унафэщIыр КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэ Ярин Андрей.

Унафэм ипкъ иткIэ

2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм школхэр цIыху 9537-м къыщыдух. Абыхэм псоми зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ятIунущ. Апхуэдизу КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэм щыжиIащ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр ЩIхьэгъэпсо Сэфарбий.

ДЫЗЭРЫЩЫГъУАЗэщIи, зыуэ щыт къэрал экзаменхэр курыт еджапIэхэм я 11-нэ классхэм къызэрыщIэкI, апхуэдизу еджапIэ нэхъыщIхьэхэмрэ курыт профессиональнэ еджапIэхэмрэ зэрыщIагъэтIысхьэ къэпщытэныгъэ щытщ.

ЩIхьэгъэпсо Сэфарбий зэрыжиIамкIэ, зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къыззэрыIахьну дисциплинэхэр къащтащ. ЕГъэджэныгъэмкIэ щIэныгъэмрэ я Iэнатlэм кIэлъыпIэныжкIэ федеральнэ къулыкъум къыщыдэкIа унафэмкIэ. Апхуэдэ предметхэр иджы 13 хъуэу къыхахащ. Абы и фIыщIэкIэ зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зытехэр зыщIэтIысхьэ хъуну еджапIэхэм я бжьыгъэми хохъуэ. Унафэм ипкъ иткIэ зохалъхьа спискэм хэмыуха предметхэр еджапIэ щIэтIысхьэхэм къажриIуэ хабзэм тетрэ ятIунущ. ФIэкIыпIэ имыIэу къэпщытэныгъэр зэрыщIэзыгъэкIуэкIын хуэй предметхэм математикэм къыдэкIуэу мы гъэм урысыбзэхэм хагъэхьащ.

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэунэхуныгъэ мыхьэнэ иIэу 2003 гъэ лъандэрэ щыIэкIащ. Дызыхуэхьэу илъэсым щыщIэдзауэ ар фIэкIыпIэ зимыIэ Iуэху хъунущ.

ХЬЭПЭМаринэ.

***КъБР-м и Президентым и Интернет-приемнэм мазэ къэс письмо 250-м нэблагъэ кьыIэрохьэ. Абыхэм ящыщ куэдыр теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм, зызыгъэпсэхуну щыхьэщIэну кьытхуихьэжьэн ди дежи щекIуэкIэхэр, ди щIыпIэм зегъэужьыныи хуэунэтIауэ республикэм и унафэщIхэм ялэжьхэр щIэныгъэкIэ аз-зэрыщыхьэм.**

Псом хуэмыдэу сэ гъэщIэгъуэн къысщыхъуащ цIыхухэр

ПщIэ зыхуащI Арсен Башир и кIуэ! Дэ дыщыпсэу кьэралыр икьуакIэ гъэщIэгъуэну щытт, зи хуэдэ щымаI Iэщ. ДыззэрызэщхьэщыкIыу узэрихьэлIэр куэдыкIейщ: хабзэхэр, зэхуэщытыкIэхэр, псэукIэр. Урысейр куэдрэ къыIэхэзыIокIуэх, икIи сэ сыт щыгъуи сыхуущокIу си хэкуэгъуэхэр, си гъунэгъуэхэр нэгъуэщI щIыпIэхэм зэрыщIэсым, я гъащIэр зэрау-хуэм, я хъуэпсапIэр зыхуэгъэм, я бынхэр зыщIапIыкIым щыгъуазэ зысщыну.

Си ныбжьэгъум сригъэблагъэрэ, сэ зыщызгъэпсэхуащ би республикэм. Пэжыр жыпIэнымэ, сэ сиIэт кIыдзыхэсхын - Кавказым е Къуэкlыпlэ Жыкъэм зыщызгъэпсэхуну. Къыхэсхар тэмэму къыщIэкIащ! Куэдыр гукIынэж сщыхъуащи, ахэр пщIэ зIуIэтэжыну сыхуэйт.

Псом хуэмыдэу си гур зыхьэхуар Налшык къалэм и дахагъэрщ, и зэIуэзэпщагъэщ. Уэбгъэмэ сэ сыщыгугъыхакъым цIыхухэм апхуэдизу егупуку эрахьэ, зыхуэсакъ къалэ, щыпIэ зыхьащIыхугъэну: гъуэгуэгъэ къыарэзынэ у, уэрамхэр зэлъыбгъхауэ, уиI гуплъапIэхэр екIуу ЗехьабуЭ. Си жагъуэ зэрыхьунщи, Самарэ къалэм щыпсэуэхэм яIэкъым налшыкдэсхэм ябгъыдэлъ фIыгъуэм зэхуэгъэр. Щыпсэу къалэм лъагъуныгъэ хуаIэу ягъэщIагъэщIэу сэ слъэгъуар Белгород, сыщалъхуа Варшав (сэ сы-поляк щI), Ригэ кьаIлэхэрщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ хьэлэмэт къысщыхъуар цIыхухэрщ. Си гур апхуэдизу нэгъуэщIхэм щахуэзIуха, щахъугуапэ, гулыпIэ щыхуащI нэгъуэщI зы кьаIи Урысейм сыщрихьэлIакъым. Фи республикэм щопсэу, щолажьэ, щоджэ сыт и лъэныкъуэкIи дахагъэ зыдэпIагъу цIыхухэр. Псом хуэмыдэу гуапэщ а дахагъэр цIыхум и тепльэ кьудей мыхъуу, атIэ езым къыщIэкIыIыу зэрызыхэпщIэр.

Дауи, апхуэдэ щытыкIэр хьэзыру уафэм къехуэхыркъым, а фIагъэхэм зыгуэрым ухуегъасэ, ухуеунэтI. ИкIи а щIыхьыр, апхуэдэ цIыху гъуэздэжьэм я унафэщIу ущытынщ Уэ кьыпхуихущ, пщIэ зыхуащI Президент.

ЦIыхухэм жаIэу куэдрэ зэхэсхащ (мыбдеж зэгъэщIэн сэ абы-хэм куэдрэ сазэрыпущIари) иужьрей илъэситIым республикэм нэхъ зиужь зэрыхьуам и мызакъуэу, атIэ нэрылъагъуу япэкIэ зэрыкIуатэри ипэжьынIэкIэ зыхащIэу зэрыхуэхьаж, цIыхухэм фIэщхьу ящIыгъуу зэрагъэтIысхьар. Атlэми, фи щIалэгъуалэр губгъапIэ зыщIадзэ, дахэщ, бжьыфIэщ. Ар фи лъэпкъыр зэрыгугъуэщ, абы и къэкIуэнщ. Сэ си гуапэщ республикэм и къэкIуэнур насыпыфIэу, фIэщхьуныгъэ къыпхэзылъхьэу щытыну.

Уи Iуэхущафэхэм щхьэкIэ фIыщIэ пхузощI, зиусхэм Президент, республикэм и къэкIуэнур унэтIыным екъуIэлIэныгъэхэр щыуIэну сэ гуапэщ! Упсэу, Къэбэрдей-Балъкъэр, уи гуапагъэу зыхэзгъбгъэщIам щхьэкIэ! ФIэщхьуныгъэ схэлъщ Iэмал имыIэу иджыри фи дежи къыззэрытезгъэзэжьнымкIэ.

ЖЕЛНИН Евгений.
Самарэ къ.

Иджыри зэ ухахыжыну сыпхуоупсэ

Сэ Петербург сыкъышащIэхуащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым сыззэрыщIари тIэ уенейрэщ: си сабиигъуэм щыгъуэ, ми гъэм. Тельыджкъ къысщыхъуащ Налшык и щытыкIэ хьэлэмэтыр. Сэ къысщохъу хьу ар Урысейм и кьалэ нэхъ зэIуэзэпэщ дыдзу кьэльытэн хуейуэ.

ФIыщIэ пхуэзащIыну сыхуейщ республикэм и цIыхухэм я псэукIэр кьэзытыным хуэунэтIауэ ебгъэкIуэкI лэжьыгъэм папщIэ, си адзжь къум сызэрыкIуар си деккIэ гуапэ, сэбэп зыпIыну, гъэщIэгъэную кьызэрыщидзам щхьэкIэ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ кьулыкъум иджыри зэ ухахыну сыпхуоупсэ.

КУЭШОКЪУЭ Александр.
Санкт-Петербург къ.

● Фэеплъ

Сурэтыр **КЪАРЕЙЗиин** *трихащ.*

Мэлбахъуэм и музей

Тэрч районым хьыхэ Дей къуажэ курыт еджапIэм накъыщIэм и 7-м зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Абы щыщыззIуахащ СССР-м и къэрал, политикэ дэжьакIуэ цIрыIуэ, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и пэ секретарь щыта Мэлбахъуэ Тимборэ Къубатий и къуэм и музей.

ТИМБОРЭ кьигъэсэбэпу щыта хьэпшыпIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд щызэхуахьэса, абы и къэпсэльэныгъэхэр зэрыт дэфтэрэхэр зыщIэль музей мыиншр кьыщIэзэIуахым кьорихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и депутат **Сэхъу Владимир**, мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ министр **Ерчэн Темболэт**, республикэ профсоюзхэм я унафэщIу, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщIхьэу щыта **Сбаниты Роззэ**, Тэрч район администрацэм и Iэтащхьэ **Пэнагуэ Максим**, Тимборэ ипхъу **Олыгэ**, абы и благъэхэр, Iыхьлыхэр, егъэджакIуэхэр.

Дей къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Iащыжь Валерий** кьызэхуэсахэм ягу кьингъэкIыжащ я къуажэм щыщ адыгэ унагъуэм кьыщалъхуа Мэлбахъуэ Тимборэ ильэс 29-кIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэу зэрыщытар, а зэманым кьрибудэу ди республикэм екъулIэныгъэ куэд зэрызыIэрилъхьар. Валерий къыхигъэщащ апхуэдэ цIыхухуэ Мэртэзей жылэжьым къызэрыщалъхуам, зэрыщеджам, зэрыщIепсэуам къуажэдэсхэр зэрыригуфIуэр, абы и цIэр зэн зэращымыгъупщэнр, и фэеплъым хуэфащэ пщIэ зэрыхуащIынур.

● Май куей

Зыхуей хуагъазэ

Май кьалэм и тепльэр егъэфIэкIуэныжкIэ лэжьыгъэр ёокIуэкI: ящэ нужь ихьащ къат куэду зэтет унэхэм я бжьыпхъэр зыхуей хуэхъуэнымк, сабий джэгуIэхэр хуэунэм.

МЫ IУЭХУР бжьыхьэ кIуам зэ къаIэтри, абы текIуэдэну мылъкур кьаззэрымэщIэкIым кьыхэкIыу кьызэтраригъэувыIэжауэ щытащ. Иджырей щапхъэм ит сабий джэгупIэ закъуэ бухуэным сом мин 300-м нэс текIуадэрт. Апхуэдэ мылъку кьалэ администрацэм бгъэдэльтэкъым. Iуэхум и лъэныкъуэ псори зэпалытри, хэкIыпIэхэр кьаГъуэтащ: апхуэдизмылъку текIуадэу щIэрыщIэу псори яхуэу нэхърэ хьума хьуа пкьыгъуэхэр зэгъэзэхуэжьыир нэхъ ирЗуэу кьалытащ. Иджыпсту а кьалэныр зыфIэзытхъкI ЖЭК-м и IэщIагъэлIэхэм яхуэзфIэкIымкIэ кьадоIэпыкъу ящат куэду зэтет унэхэм щыпсэуэхэри. «Хэти пхъэм хьарэынэу йолэжь, яхэтщ уухуакIуэхэри, электросварщикхэри. Я лжьэгъуэ махуэхэм кьыщыдэхуэм дэ зыкъытщIагъакъуэ»,- жаIэ ухуакIуэхэм. Гъатхэ зэрытехьэрэ псэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэхэм я лжьакIуэхэм мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр зэуэ щрагъэкIуэкI унитIым я бжьгуIэм. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм ирихьэлIэу лэжьыгъэ псори и кIэм нагъэсыну я мурадщ.

ШЭРЭЗДЖ Дис.

● «СтIол хъурей»

Мамырыгъэр зи гъуазэхэр

Жылагъуэ Iуэху зэхущытыкIэхэр кьэпщытэныжкIэ Москва дэт еджапIэм и щIэныгъэлIэныгъэ КъБР-м ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмрэ щIыхуб3 организацэхэмкIэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым «СтIол хъурей» щапхъэт и зэIущIэ щрагъэкIуэжащ.

АР ТЕУХУАГ сыт и лъэныкъуэкIи нобэ зызыхьэужь дунейм щIыхумрэ жылагъуэмрэ зэрыхущытыныр я зызыхьэужь дунейм Урысейм щиубыд увыпIэмрэ абы щигъэзащIэ кьалэнэхэмрэ. Мы ущIэхэм кьадэкIуэу тепсэлыхьащ XXI лIэщIыгъуэм гульытэ щхьэхуэ зэтыпхъэ лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ щIыналъэ Iуэхухэмрэ, ящэ хуэдэ унафэщIхэр щIыхум и хуитыныгъэхэм зэрепль щIыкIэм, нэгъуэщIхэмрэ. ЗэIущIэм хэтащ Москва дэт дунеипсо зэхуэщытыкIэхэмкIэ институтым (МГИМО-м) аналитикэмкIэ и центрым и щIэныгъэлIэхэр, Урысейм и щIыналъэ щIыхьэхуэхэм кьикIа политологхэр. «СтIол хъурейр» Налшык щIыщрагъэкIуэкIам иIэщ щхьэхуэсыгъуэ: дунейпсо щытыкIэм, лъэпкъхэм я зэхущытыкIэм теухуа дэтхэнэ зы Iуэхугъуэрэ щыбубдлэнкIэ сыт щыгъуи мамырщIэкъуэу кьэгъуэгурыкIуа Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэдэ кьэгъуэтыгъуэгъэ. Политикэ кьэпщытэныгъэхэмкIэ Москва дэт еджапIэм и кьыкIэлъыкIуэ зэIущIэри фокIадэ мазэм Налшык щрагъэкIуэжыну траухуащ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● КъБР-м и Парламентым

Бын куэд зиIэ унагъуэхэм сыт хуащIэфыр?

Апхуэдэ упщIэм и жэуапыр дэ къыдитащ КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI Жанатаев Сэлим.

- ЗЭРЫЛЖЬЭ федеральнэ, республикэ законодательствэм ипкъ иткIэ, балигъ мыхъуа бын куэд зиIэ унагъуэхэм 2008 гъэм щIышыIэм и 1-м щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щрат мыпхуэдэ социальнэ льготэхэмрэ щэсапIэхэмрэ:

1. Хуагъэув икIи ират:
- сабий кьалъхуамэ, федеральнэ законодательствэм ипкъ иткIэ зэ тыгъуэ пособиеу сом мини 8-рэ сом 868-рэ;
- сабий кьалъхуамэ, республикэ законодательствэм ипкъ иткIэ зэ тыгъуэ пособиеу сом мини 2;
- унагъэм ику иту зы цIыхум щыхуэзэ хэхъуэр цIыхур ирипсэун щхьэкIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеиIуэ республикэм щагъэува бжьыгъэм цIыхьэдэмыхмэ, мазэ къэс пособиеу сом 70;
- сабийр ильэсрэ ныкъуэрэ ныбжьым нэсыху мылажьэ анэм мазэ къэс пособиеу сом зы минрэ сом 627-рэ кIэнпейкIэ 50-рэ яп сабийм щхьэкIэ, сом мини 3-рэ сом 255-рэ, етIуанэ, кьыкIэлъыкIуэ сабийхэм щхьэкIэ;
- сабийр ильэсрэ ныкъуэрэ ныбжьым нэсыху зрихьэн щхьэкIэ мылажьэ, абы щхьэкIэ лэжьапIэм пIалъэкIэ кьыIуэкIа анэм мазэ къэс пособиеу езым ику ит и мазэ лэжьапщIэм и процент 40-р, ауэ сом мини 6-рэ сом 510-рэ мынэхьыбэ;
- сабийр ильэсрэ ныкъуэрэ ныбжьым щынэсам кьыщыщIэдзауэ ильэсиц ныбжьым нэсыху мылажьэ анэм мазэ къэс пособиеу сом 230-рэ;
- сабий ныкъуэдыкъуэр ильэс 18 ныбжьым нэсыху зрихьэн щхьэкIэ мазэ къэс пособиеу сом 200.

2. ЕтIуанэ, ещанэ я кьыкIэльыкIуэ сабийр кьалъхуамэ (къуэ, пхъу ящIамэ), кьыщалъхуа (къуэ, пхъу щащIа) зэманым 2007 гъэм щIышылэ мазэм и 1-м и пэ кьымыхуэмэ, анэ (унагъэ) мылъку сом мин 271-рэ сом 250-рэ хъууэ кьратыну хуитыныгъэ яIэщ.

3. ПсэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я пщIэмкIэ процент 30 льготэ хуагъэув.

4. ПсэупIэм, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я пщIэр тынымкIэ субсидие, апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэм я пщIэр тынымрэ унагъэм тригъэкIуадэр ЖКУ-м нэхъыбэ дыдэу цIыхухэм унагъуэм и хэхъуэм щыщу трагъэкIуадэу узыщIэздзэкъым мыхъунум (ар КъБР-м процент 22-рэ хъууэ щагъэуващ) щIигъувэ.

5. Сабий ныкъуэдыкъуэр ильэс 18 ныбжьым нэсыху зыпI-зезыхьэ унагъуэхэм псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я пщIэр тынымкIэ; зыщрагъаIэзэну щIыпIэм пщIэ щIамыту кIуэныжкIэ икIи къэкIуэжныжкIэ; хущIэхъуэ лъапIэхэр къащIэхуэн щхьэкIэ зэ тыгъуэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ; сабий ныкъуэдыкъуэхэм республикэм и щIыбагъэкIэ кьащIэзэзэныжкIэ процент 50 льготэ хуагъэув.

6. Бын куэд, хуэмыщIа, сабий ныкъуэдыкъуэхэр зезыхьэ-зыпI унагъуэхэм щыщ сабийхэр яп ирагъэщу зи школ кIуэгъуэ мыхъуэхэр щагъасэ Iуэхущ IапIэхэм Iах, адэ-анэхэм ирагъэт пщIэмкIэ льготэ хуагъэув.

7. Бын куэд зиIэ унагъуэхэм щыщу курыт школхэм, Iэщ Iагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм щIэсхэр кьалэ кIуэцI транспортымкIэ (таксим къищынэмыщIа), апхуэдэуи кьалэ гъунэ щIыпIэхэм, районхэм я кIуэцIкIэ щызекIуэ автобусхэмкIэ пщIэнэу къраушэI.

8. Бын куэд зиIэ унагъуэхэм щыщу ильэс 15 ныбжьым щхьэдэмыха сабийхэр республикэм цIыкIуэхэм я уэнышагъэр щызэфIагъэувэж и Iуэхущ IапIэхэм зэрыкIуэн тхьыпI пщIэнущу ират.

9. Унагъуэхэмрэ сабийхэмрэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр кьыщыхуащIа Iуэхущ IапIэхэм медико-социальнэ, психологие-педагогикэ, социально-экономикэ, юридическэ, реабилитацэ Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыныгъэхэр кьащIыхуащIа.

10. КъБР-м и къэрал тыгъэ «Абхэм и щIыхь» медалыр зыхуагъэфащэ цIыхубз-анэм и дэтхэнэ сабийми хуэзэу зэ тыгъуэу сом мини 10 ират.

11. ЕтIуанэ е кьыкIэлъыкIуэ сабийр кьалъхуамэ, псэупIэ ираухуэн е кьращэхун щхьэкIэ зэ тыгъуэ сом мин 250-рэ ират.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ IапIэ.

● Гулъытэ

Етхуанэ зэIущIэ

КъБР-м и Парламентым и депутат Джэш ФатIимэ Эмэтхъэлэ къуажэм щаIущащ Хэку зауэшхуэм фызабэ ищIахэмрэ къэзыгъэзэжауэ дунейм екьжахэм я щхьэгъэсэхэмрэ.

ЗИ НЫБЖЬЫР хэкIуэта цIыхубзхэм папщIэ илъэс кьэс абы къызэригъэпэщ зэхьхьэр япэрейхэм кьащхьэщыкIырт нэщхьеифэ зэпэщIэтыжкIэ - депутатыр нэгьабэ зыхуэзэ цIыху 37-м щыщу иджы псэужьир 19 кьудейщ.

Арами, дапщэщи хуэдэу, гуфIэгъуэ Iэнэм гуапагъэр щытепщэрт, Бджий Ленэ, Дзхэушыкъуэ Лалусэ, Нэгъуей Жангуащэ, Сокъур Кулизар, Сомгъур Тамарэ сымэ я щIалэгъуэр, зауэ зэман хьэлэр, я щхьэгъуэсхэр, нобэр кьыздэсым яхъумэ абыхэм я тхыгъэхэр ягу кьагэкIыжырт.

ФатIимэ и тыгъэхэр щыIа-кьым цIыхубз хэкIуэтхэм абы кьыжраIащ гъэ кьакIуи зэхуэзэнхэу зэрагуапэр.

МЭЗАнив.

Хабзэу къокIуэкI

Урысейм Шынагъуэншагъэмкlэ и Федеральнэ Iэнатlэм (ФСБ) и къэрал щIэныгъэ и щыIэм, илъэс куэд хьауэ хабзэу къызэрекIуэкIыр, 2008 гъэм накьыгъэм и 8-м щагъэльэпIащ къэрал щIэныгъэншагъэмкlэ органхэм я ветеранхэм - 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэтахэр.

АПХУЭДЗКЭУ нобэкIэ Управленэм кьыхуэнжар цIыху 60-м нэблагъэщ. Абыхэм яхэтщ фронт гъунапкIэр мызэ-мытIэу зэпэзыпущIахэр икIи тIасхэзыщIэ зыбгрэхэр щыбгъэзыхьэлIэхэр, бий агентуррэ зэхэсыгъэным, нэмыцэ десант-парашютистхэр кьэубыдыным хэтахэр. Зауэм щыщIидза яп тхьэмахуэ зэхуакуэхэм къриубыдэу НКВД-м егъэщIылIауэ кьызэрагъэпэщауэ щытащ партизан гупхэм папщIэ тIасхьэщIэхэр, диверсантхэр, радистхэр щагъэхьэзыр щколхэр.

Къэрал щынагъэншагъэмкIэ органхэм я ветеранхэм-Хэку зауэшхуэм хэтахэм фIыщIэ псалъэкIэ зэрыгъэтэщ Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Сердюк Владимир Александр и къуэм.

Кьызэхуэсахэр Хэку зауэшхуэм зэкIуэдахэм зы дакьикьэкIэ щыму хуэщIыгъащ.

ФСБ-м и лэжьакIуэ ныбжьыщIэ кьэпсэльаъэм нэхъыжьхэр кьагъэгугъащ щынагъуэншагъэмкIэ органхэм я хабзэ нэхъыфIэхэм кьыпащэну, цIыхум, жыларгуэм, Хэку я щынагъуэншагъэр темыпльэжьу укIыу яхуэмэну.

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

● Iуащхьэмахуэ куей

Зэ Iуэзэпэщ ящI

Тырныауз кьалэм и тепльэр кIуэ пэтми йофIакIуэ.

ГъАТХЭМкъриубыдэу мы щIыпIэр зэIуэзэпэщ щIыныжкIэ лэжьыгъэшхуэхэр ирагъэжьIуэкI шахтэхуэхуэ зэпкърахьыр зрагъэкIуэкI. Абы хэль пкъыгъуэхэр ухуэныгъэщIэжьмрэ щхьэгъэсэбэпныкIэ ирагъашэ, кьаныр ирагъэкъэбзыкI.

Тырныауз и уэрам псоми гъуэгуэр тэмэм щащI. Мы лэжьыгъэр илъэсыр и кIэм тауэ щыта унэхэмрэ зыри мыхъужьму псэуальэхэмрэ зэпкърахьыр трах. Абы хэль пкъыгъуэхэр ухуэныгъэщIэжьмрэ щхьэгъэсэбэпныкIэ ирагъашэ, кьаныр ирагъэкъэбзыкI.

Тырныауз и уэрам псоми гъуэгуэр тэмэм щащI. Мы лэжьыгъэр илъэсыр и кIэм тауэ щыта унэхэмрэ зыри мыхъужьму псэуальэхэмрэ зэпкърахьыр трах. Абы хэль пкъыгъуэхэр ухуэныгъэщIэжьмрэ щхьэгъэсэбэпныкIэ ирагъашэ, кьаныр ирагъэкъэбзыкI.

Кьалэр ягъэщIэрэщIэжащ удз гъэгъахэр щагъэтIыса щIыпIэхэмкIэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуз.

Лъэпкъым и бын пэж

Къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэу, щIэныгъэлI щыкIэуу, хэкIуЛ пажэхэм ящыщу зи гъащIэр езыхьэкIа Хутуев Хьэнэфий кIыхьэралъхьэ илъэс 90 ирикъуагъ. Ди республикэр зэрагушхуа а цIыхубзым щыгъуэм къигъэщIа и гъэмахуэрэ и гъащIэм, щIыналъэм, цIыхубэм я ехьулIэныгъэм хуэгъэпса Iуэхуфlхэмкlэ гъэнщIауэ щытащ. Къэхъуакъым Хутуевым дзыхь кIыхьауаIа Iэнатlэр щримигъэфIэкIыу.

Хутуев Хьэнэфий. *1968 гъэ*

●Фэепъ

ХУТУЕВЫР 1918 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м Гундэлэн кIуэуэм кIыщалъхьуагъ. Абы и адэ Исхьэкъ щапIар Зеикъуэ щыщ адыгэ унагъуэти, езым и бынхэми балькъэрыбгъэри адыгэбзэри зэхуэдэу яIуриIуагъ, адыгэ зэкIэ фIыуэ яIьагъуу къэхъуащ. Цыхуу мыхъумыщIэ фIэкIа, лъэпкъ Iей зэрыщымыIэр Хьэнэфий и лым хэпщауэ къэхъуащ. А гупсысэращ абы гъащIэ кIыхьеджэныгъэу иIар.

